Non patisipan an : _____

Dat egzamen an : _____

Dire egzamen an : _____

Administratè tès la : _____

J-A. Cambry, N. Ezzedine, M. Dragon & B. Köpke

BILINGUAL APHASIA SCREENING TEST

(HAITIAN CREOLE VERSION)

Tès depistaj an kreyòl

Pou bileng afazik

Based on the Bilingual Aphasia Test by Michel Paradis <http://www.mcgill.ca/linguistics/research/bat/>

PATI A : ISTWA SOU BILENGWIS PATISIPAN AN

Ou dwe li kesyon sa yo ki anba a jan yo prezante a. Si pasyan an pa an mezi pou li bay enfòmasyon ou mande a, ou kapab poze yon manm nan fanmi patisipan an oubyen yon moun nan antouraj li kesyon an.
Pou tout kesyon ki bay posiblite reponn avèk wi oubyen avèk non, antoure ''+'' pou wi e ''-'' pou non. Si pa gen okenn repons antoure ''0''.
Tout konsiy egzaminatè a dwe swiv yo gen siy ••• devan yo. Patisipan an pa dwe li konsiy sa yo.

••• *Kòmanse li fò la.*

1	Ki dat ou fèt ?			
2	Ki kote ou fèt ?			
3	Lè ou te timoun, ki lang ou te konn pale pi souvan lakay ou ?			
4	Lè ou te timoun, ou te konn pale lòt lang lakay ou ?	+	–	0
	ki lang sa yo ?			
5	Ki lang natif-natal papa ou ?			
6	Li te konn pale lòt lang ? Ki lang sa yo?	+	–	0
7	Ki lang natif-natal manman ou ?			
8	Li te konn pale lòt lang ? Ki lang sa yo?	+	–	0
9	Konbyen tan ou fè sou ban lekòl ?			
10	Lè ou te kòmanse ale lekòl, nan ki lang ou te konn resevwa edikasyon ?			
11	Èske apre sa ou te ale nan yon lòt lekòl kote se nan yon lòt lang yo anseye ou ?	+	–	0

••• *Si repons kesyon (11) lan se non, ale dirèk nan kesyon (15) lan.*

12	Ki lang sa a ?			
13	Apati de ki lè (nan ki klas) ou kòmanse aprann nan nouvo lang sa a ?			
14	Èske aprè sa ou te ale nan yon lòt lekòl kote ou te aprann nan yon lòt lang ? Ki lang sa a ?	+	–	0
15	Èske gen lòt lang ou aprann san se pa sou ban lekòl ou aprann yo ? Ki lang sa yo?	+	–	0
16	Ki metye ou ?			
17	Anvan maladi ou a /aksidan ou an, ki lang ou te konn pale ?			
18	Nan ki peyi ou ap viv ?			
19	Depi konbyen tan ou ap viv nan peyi sa a ?			

Pati B

Kontèks aprantisaj ak itilizasyon kreyòl la

••• *Li konsiy yo pou patisipan an, epi poze li kesyon sa yo ki anba a.*

Mwen pral poze ou kèk kesyon sou lang kreyòl ou a. Ou pare ?

1	Èske ou viv deja nan yon (lòt) peyi kote yo pale kreyòl ?	+	–	0

••• *Si repons lan se non pase nan kesyon (4) la.*

2	Ki peyi sa a ?	
3	Konbyen tan ou fè ap viv nan peyi sa a ?	

•••*Nan tout repons ki reprezante sou fòm yon echèl referans, prezante patisipan an echèl la (p. 2 livrè estimili yo) epi mete yon kwa nan pati li twouve li sou echèl la.*

4	Anvan aksidan ou an, ou te konn pale kreyòl … raman (1) a tout lasent jounen (5)	0 1 2 3 4 5		
5	A ki laj ou te aprann pale kreyòl ?			
6	Anvan maladi ou a/aksidan ou an, èske ou te konn pale kreyòl lakay ou ?	+	–	0
7	Anvan maladi ou a/aksidan ou an, èske ou te konn pale kreyòl nan travay ou ?	+	–	0
8	Anvan maladi ou a/aksidan ou an, èske ou te konn pale kreyòl ak zanmi ou?	+	–	0
9	Anvan maladi ou a/aksidan ou an, èske ou te konn pale kreyòl …	0		
		1	Tout lasent jounen	
		2	Chak semèn	
		3	Chak mwa	
		4	Chak ane	
		5	Omwen yon fwa chak ane	
10	Ou te aprann li kreyòl ?	+	–	0

••• *Si repons lan se non, pase nan langaj espontane (18).*

11	Ki laj ou te genyen lè ou te aprann li kreyòl ?			
12	Anvan aksidan ou an ou te konn li kreyòl … difisil (1) a san efò (5)	0 1 2 3 4 5		
13	Anvan maladi ou a/aksidan ou an, èske ou te konn li kreyòl …	0		
		1	Tout lasent jounen	
		2	Chak semèn	
		3	Chak mwa	
		4	Chak ane	
		5	Omwen yon fwa chak ane	
14	Ou te aprann ekri kreyòl ?	+	–	0

••• *Si repons lan se non, pase nan langaj espontane (18).*

15	Ki laj ou te genyen lè ou te aprann ekri kreyòl ?		
16	Anvan aksidan ou an, ou te konn ekri kreyòl … difisil (1) a san efò (5)	0 1 2 3 4 5	
17	Anvan maladi ou a/aksidan ou an, èske ou te konn ekri an kreyòl		
		1	Tout lasent jounen
		2	Chak semèn
		3	Chak mwa
		4	Chak ane
		5	Omwen yon fwa chak ane

LANGAJ ESPONTANE

••• *Anrejistre pawòl espontane patisipan an pandan SENK MINIT. Objektif eprèv sa a se rive pran yon echantiyon nan pawòl espontane pasyan an epi pèmèt egzaminatè a tabli yon bon klima pou rès tès yo. Nan lide pou kenbe konvèzasyon an, egzaminatè a ap poze tanzantan yon kesyon ki konsène :*

a) maladi/aksidan pasyan an
b) travay li
ch) eksperyans li aletranje
d) fanmi li, elt.

••• *Lè patisipan an fini, fèmen manyetofòn nan epi make kote ki koresponn ak nivo pasyan an sou yon echèl 1 a 5, pou chak ribrik nan 6 ribrik ki genyen yo (18 a 23).*

18	Kantite Mitik(1) a nòmal (5)	1 2 3 4 5
19	Debi Logopenik (1) a byen koule (5)	1 2 3 4 5
20	Atikilasyon Bon jan flou (1) a nòmal (5)	1 2 3 4 5
21	Sentaks Agramatik (1) a nòmal (5)	1 2 3 4 5
22	Leksik Yon ti kantite (1) a nòmal (5)	1 2 3 4 5
23	Mo prete oubyen kòd switching Anpil anpil (1) a okenn (5)	1 2 3 4 5

DENOMINASYON

••• *Nan eprèv sa a, patisipan an dwe nome objè ou prezante ba li yo youn aprè lòt. Mete chak objè yo youn aprè lòt pou pasyan an byen wè yo. Pasyan an pa dwe wè objè yo avan ou prezante li yo.*

••• *Kòmanse li fò la.*

Mwen pral montre ou kèk objè. Ou ap di mwen non yo. Ou pare ?

24	Liv		+	–	0
25	Linèt		+	–	0
26	Kle		+	–	0
27	Fouchèt		+	–	0
28	Anvlòp		+	–	0
29	Mont		+	–	0

DEZINYASYON

••• *Ou dwe ranje objè sa yo sou yon tab devan patisipan an yon fason pou li kapab manyen yo chak apa san difikilte. Objè yo dwe parèt nan lòd sa a, soti agoch pou rive adwat : bouton an, gan an, bag la, vè a epi alimèt yo.*

••• *Kòmanse li fò la.*

30	Manyen bag la		+	–	0
31	Manyen bouton an		+	–	0
32	Manyen alimèt yo		+	–	0
33	Manyen gan an		+	–	0
34	Manyen vè a		+	–	0

LÒD SENP E SEMI-KONPLÈKS

••• *Li lòd sa yo bay patisipan an epi note repons li yo. Kritè notasyon an se menm ak sa anvan yo. Materyèl sou tab : vè, kreyon, bag ak fouchèt.*

••• *Kòmanse li fò la.*

Mwen pral mande ou fè kèk bagay pou mwen. Ou pare ?

35	Ouvri bouch ou		+	–	0
36	Leve men ou		+	–	0
37	Mete lang ou deyò		+	–	0
38	Mete vè a bò kote kreyon an		+	–	0
39	Mete kreyon an devan bag la		+	–	0
40	Mete fouchèt la anndan vè a		+	–	0

LÒD KONPLÈKS

••• *Ou dwe li lòd objè yo yon sèl kou pou patisipan an (sa vle di ou dwe li tout twa pati lòd konplèks la yon sèl kou). Patisipan an ap gen pou li fè yon seri aksyon avèk 3 objè ou ap mete devan li yo.*
Materyèl : 3 mòso papye (gwo, mwayen, piti).
Antoure :
"+" si repons lan bon (li respekte tout lòd yo)
"3" si pasyan an byen akonpli 3 aksyon yo men pa nan lòd li te dwe fè yo a
"2" pou de aksyon li byen akonpli, menm jan pou rès la.

••• *Kòmanse li fò la.*

41	Men twa mòso papye sa yo. Pran pi piti a pou mwen. Mete sa ki pa twò gwo a sou jenou ou. Jete pi gwo a.	+	3	2	1	0

DISKRIMINASYON ODITIF VÈBAL

••• *Nan eprèv sa a, patisipan an dwe touche imaj ki pi byen reprezante mo li tande a. Gen yon nimewo ki nan kwen anlè adwat ki koresponn ak chak imaj. Pou chak mo, antoure chif ki koresponn ak imaj (1 a 4 oubyen X) patisipan an chwazi a. Si patisipan an pa touche okenn imaj ni « X », antoure « 0 » nan espas ki la pou sa. Pou fasilite eprèv la, kaz ki gen bon repons lan an gri. Montre patisipan an pati « diskriminasyon oditif vèbal » ki nan livrè estimili a (p.3)*

••• *Kòmanse li fò la.*

Ou pral tande yon mo. Kou ou fin tande mo a, idantifye imaj ki koresponn ak li a. Si pa gen okenn imaj ki koresponn ak mo a, touche ''X''. Pa egzanp, si mwen di ''woulo'', ou ap touche imaj ki koresponn ak woulo a. Si mwen di ''kanna'', ou ap touche ''X'' paske pa gen kanna sou paj sa a. Ou pare ?

42	Mouch	X	1	2	0
			3	4	
43	Bato	X	1	2	0
			3	4	
44	Kou	X	1	2	0
			3	4	
45	Asyèt	X	1	2	0
			3	4	
46	Sen	X	1	2	0
			3	4	
47	Bè	X	1	2	0
			3	4	
48	Woup	X	1	2	0
			3	4	

Konpreyansyon estrikti sentaksik

••• *La a, patisipan an dwe touche imaj ki pi byen reprezante sans fraz ou li pou li a. Li fraz yo avèk yon bon entonasyon. Pou chak fraz, antoure chif ki koresponn ak imaj (1 a 4 oubyen X)*

patisipan an chwazi a. Si patisipan an pa bay okenn repons nan SENK SEGONN aprè ou fin li fraz la, antoure ‘’0’’ epi pase nan lòt fraz la.
Montre patisipan an pati « Konpreyansyon estrikti sentaksik yo » nan livrè estimili a (p. 21)

•••*Kòmanse li fò la.*

Ou pral tande yon fraz. Touche imaj ki koresponn ak sans fraz la. Pa egzanp, si mwen di ''ti gason an chita'' ou ap montre imaj ki reprezante yon ti gason ki chita. Ou pare ?

•••*Paj 24*

49	Gason an ap suiv fi a.	1	2	0
		3	4	
50	Li ap suiv yo.	1	2	0
		3	4	

•••*Paj 25*

51	Fi a, gason an pouse li.	1	2	0
		3	4	
52	Se gason an fi a pouse.	1	2	0
		3	4	

•••*Paj 26*

53	Se chat la ki mòde chyen an.	1	0
		2	
		3	
		4	

•••*Paj 27*

54	Kamyon an pa rale machin nan.	1	0
		2	
55	Se pa machin nan ki rale kamyon an.	1	0
		2	

•••*Paj 28*

56	Montre mwen grann ti fi a.		+	–	0

•••*Paj 29*

57	Montre mwen chyen mesye a.		+	–	0

•••*Paj 30*

58	Montre mwen pwason pechè a.		+	–	0

REPETISYON MO AK LOGATOM

•••*Pou chak estimili, li mo a epi tann patisipan repete li. Patisipan an dwe repete egzakteman sa ou te li a. Antoure ''+" si li byen repete mo a (pandan ou ap pran an kont diferans ki kapab genyen nan aksan oubyen nan dyalèk yo), antoure ''-'' si repons patisipan an pa bon. Si SENK SEGONN pase san li pa bay repons antoure ''0".*

••••••KOUNYA *OUVÈ MANYETOFÒN NAN*••••••

••• *Kòmanse li fò la.*

Mwen pral mande ou repete kèk mo. Enpe nan mo sa yo se bon mo kreyòl, gen lòt ki pa vrèman mo. Yo pa gen sans. Repete mo a kou mwen fin di li. Ou pare ?

59	Grenn		+	–	0
60	Chon		+	–	0
61	Poul		+	–	0
62	Goum		+	–	0
63	Saz		+	–	0
64	Pobi		+	–	0
65	Bato		+	–	0
66	Elefan		+	–	0
67	Rezilta		+	–	0

68	Jigon		+	–	0
69	Dokiman		+	–	0
70	Lavabo		+	–	0

REPETISYON FRAZ

•••*Li enstriksyon sa yo pou patisipan an.*

Kounya, ou pral tande kèk fraz. Repete yo apre mwen. Ou pare ?

71	Gason an pouse fi a.		+	–	0
72	Li ap suiv yo.		+	–	0
73	Kamyon an pa rale machin nan.		+	–	0

SERI

•••*La a, ou ap mande patisipan an resite yon seri otomatik. Antoure ''+'' si seri a konplè e nan lòd. Antoure ''-'' si patisipan an fè erè, li bliye yon mo oubyen li chanje lòd mo yo. Si li pa reponn ditou, ou kapab ede patisipan an pandan ou ap di li kèk mo nan kòmansman seri a. Si aprè sa, ou pa jwenn okenn repons, antoure ''0''.*

•••*Kòmanse li fò la.*

74	Site tout jou ki gen nan yon semèn.		+	–	0
75	Konte soti 1 rive 15.		+	–	0

FLIYANS VÈBAL

•••*La a, ou ap evalye kapasite patisipan an pou li site yon ansanm mo ki nan menm kategori. Sa ki konte se kantite mo diferan patisipan an kapab di nan YON MINIT.*

•••*Kòmanse li fò la.*

Site pou mwen pi plis mo bèt ki vin nan lespri ou. Ou gen yon minit.

0 à 30 secondes	30 à 60 secondes

76	Tout mo li site yo se non bèt epi se mo ki nan lang nan ?	+	–	0
77	Kantite mo ki kòrèk :			

SANS KONTRÈ

•••*Nan pati sa a, patisipan an dwe reponn ak yon mo ki se kontrè mo ou ba li a. Repons lan bon si mo li bay la gen yon sans kontrè.*

•••*Kòmanse li fò la.*

Mwen pral di ou yon mo. Ou ap ban m kontrè li. Pa egzanp, si mwen di ''bon'', ou ap di mwen ''move''. Ou pare ?

78	Vrè	+ Fo	oubyen	1	–	0
79	Lejè	+ Lou	oubyen	1	–	0
80	Pòv	+ Rich	oubyen	1	–	0

81	Fèmen	+ Ouvri, louvri, ouvè	oubyen	1	–	0
82	Leve	+ Kouche, chita	oubyen	1	–	0

LEKTI BYEN Fò

••• *Nan eprèv sa yo, patisipan an dwe li estimili a fò (p. 31- 33 nan livrè estimili yo). Pou chak estimili, antoure "+" pou yon estimili patisipan an byen li, "-" si li li l mal, e "0" si patisipan an pa di anyen.*

•••*Kòmanse li fò la.*

Mwen pral montre ou kèk mo. Li chak mo byen fò. Ou pare ?

83	louch		+	–	0
84	mato		+	–	0
85	kou		+	–	0
86	fèt		+	–	0
87	nen		+	–	0

•••*Li konsiy sa yo fò pou patisipan an.*

Kounya, mwen pral ba ou kèk fraz pou ou li fò. Ou pare ?

88	Gason an kenbe fi a.		+	–	0
89	Li pouse yo.		+	–	0
90	Chyen an mòde chat la.		+	–	0
91	Se kamyon an ki ap rale machin nan.		+	–	0

••••••*KANPE MANYETOFÒN NAN*••••••

KOPI

•••*Bay patisipan an yon fèy papye epi kòmanse li fò la.*

Mwen pral ba ou kèk mo. Men yon plim, ekri chak mo sa yo sou fèy sa a.

92	Chato		+	–	0
93	Koup		+	–	0

DIKTE

•••*Li konsiy sa yo pou patisipan an.*

Kounya, mwen pral li kèk mo pou ou. Ou ap ekri yo. Ou pare ?

94	Tèt		+	–	0
95	Bato		+	–	0

•••*Li konsiy sa yo pou patisipan` an.*

Kounya, mwen pral li yon fraz pou ou. Ekri li. Ou pare ?

96	Kamyon an pa rale machin nan.		4	3	2	1	0

Pou bay nòt:

- *Si fraz li ekri a genyen 0 oubyen 1 mo ki mal ekri, antoure "4",*
- *Si fraz la genyen 2 ou 3 mo ki mal ekri, antoure "3"*
- *Si fraz la genyen 4 mo ki mal ekri oubyen plis mo ki mal ekri, antoure "2"*
- *Si sa patisipan an ekri a pa gen okenn rapò ak fraz ou li a oubyen si ou pa konprann li, antoure "1"*
- *Si patisipan an pa ekri anyen, antoure "0".*

KONPREYANSYON MO KI EKRI

•••*Nan pati sa a, montre patisipan an mo sa yo youn aprè lòt. Patisipan an ap gen pou li chwazi yon imaj pou chak mo (p. 35). Antoure nimewo ki koresponn ak imaj patisipan an chwazi a.*

•••*Kòmanse li fò la.*

Kounya, mwen pral montre ou kèk mo. Li chak mo nan tèt ou epi manyen imaj ki koresponn ak sans mo a. Ou pare ?

97	Bouch	1	2	0
		3	4	
98	Gato	1	2	0
		3	4	
99	Chou	1	2	0
		3	4	
100	Pen	1	2	0
		3	4	

KONPREYANSYON FRAZ KI EKRI

•••*Li konsiy sa yo pou patisipan an, epi montre li fraz ak imaj yo ki kòmanse nan paj 45 livrè estimili a.*

Kounya, mwen pral montre ou kèk fraz. Li chak fraz nan tèt ou epi touche imaj ki koresponn ak sans chak fraz. Ou pare ?

101	Li ap suiv li.	1	2	0
		3	4	
102	Se chat la ki mòde chat la.	1		0
		2		
		3		
		4		
103	Machin nan pa rale kamyon an.	1		0
		2		
104	Se pa kamyon an ki rale machin nan.	1		0
		2		